


Lèt pou lafanmi

Chè elèv ak fanmi elèv la,

Klas nou an pare pou n kòmanse yon bèl ane nan matematik. Pa enkyete w – gen apil lòt bagay nan matematik pase adisyon ak soustraksyon nonm. Yon lòt non yo bay matematik se : « syans regilarite » la. Rekonèt epi dekri regilarite yo, epi itilize regilarite pou fè prediksyon se konesans ki enpòtan nan matematik.

Pou n kòmanse nou pral chache rekonèt regilarite ki genyen nan triyang Pascal la, yon triyang nimerik ki gen yon pakèt regilarite ladan li.



Èske w ka dekri yon regilarite ki gen nan triyang lan ? Eseye predi nonm ki nan pwochen ranje ki nan tablo a. Sa pa fè anyen si w poko ka jwenn yon regilarite kounye a. Gen anpil bagay nou pral aprann sou triyang sa a nan de twa jou.

Nou pral chache jwenn fòm regilarite yo tou. Pa egzanp, sifas yon nich myèl - tankou sa ki la a, nan aryèplan an - fèt ak regilarite egzagòn ki asanble ansanm men san yo pa monte youn sou lòt. Èske w ka fè yon regilarite menm jan men ki fèt ak plizyè kare ? E ki fèt ak triyang ?

Vokabilè Nan kou yo, ou pral aprann tèm nouvo sa yo :

ang	poligòn regilye
poligòn konkav	swit
simetri aksyal	tèm
priorite nan operasyon	inegalite triyang
poligòn	somè

Kisa w ka fè lakay ?

Pandan pwochen semenn yo, elèv la ka montre li enterese nan regilarite yo ak nan règ yo. Mande l reflechi sou ensidan ki genyen an komen ant regilarite ak règ yo, tankou règ sa a pou evalye distans an milyaj ki genyen ant oumenm ak yon kout zeklè : *Konte kantite segonn ki genyen ant lè w wè zeklè a ak lè w tande loraj la, epi divize pa 5.*

